



Pou Piblikasyon Imedya: 12/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN 15 MILYON DOLA FINANSMAN KI DISPONIB
POU ETABLI PWOGRAM MATÈNÈL NAN DISTRIK ESKOLÈ KI NAN BEZWEN YO
TOUPATOU NAN NEW YORK**

***Finansman an Disponib Jan Gouvènè a te Pwomèt li a nan Diskou sou Eta Leta
2019 la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen 15 milyon dola finansman ki disponib pou tabli pwogram matènèl pou elèv ki gen twazan oswa katran yo toupatou atravè New York. Distrik eskolè ki gen gran bezwen yo ki kounye a pa gen pwogram matènèl Leta finanse pral benefisyè preferans nan finansman.

"Chak timoun merite yon edikasyon bon kalite kòmanse depi nan premye etap yo, epi finansman esansyèl sa a pral ede garanti elèv ki nan kominote pi sansib yo jwenn pwogram yo bezwen yo pou reyisi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou fè investisman entelijan sa yo nan elèv nou yo, n ap investi nan avni eta nou an epi ede bati yon New York ki pi djanm pou tout moun."

"Li enpòtan pou timoun yo gen aksè a yon bon jan kalite edikasyon abòdab, espesyalman byen bonè lè yo tou piti", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ofri distrik lekòl ki gen anpil bezwen toupatou atravè Eta a yo, aksè a pwogram matènèl epi garanti yo bay chak timoun yon opòtinite egal. Nou pran angajman pou nou ofri tout timoun ak fanmi yo yon edikasyon preskolè k ap mete yo nan pozisyon pou yo jwenn siksè alavni."

Depi 2011, Gouvènè Cuomo te plis pase double angajman eta a nan edikasyon bonè pou amelyore avni akademik jèn moun yo nan New York. An 2013, Gouvènè Cuomo te kreye premye plas yo nan pwogram matènèl tout jounen yo ki resevwa finansman nan men eta a, epi an 2015, New York te agrandi pwogram matènèl yo pou sèvi timoun twazan yo pou premye fwa. Angajman New York nan matènèl depase 800 milyon dola pa ane kounye a, k ap sèvi plis pase 120,000 elèv twa ak katran chak ane epi matènèl inivèsèl la gratis pou fanmi yo.

15 milyon dola anplis sa a pral garanti New York kontinye soutni elèv ki pi piti li yo gras a soutyen agrandisman pwogram matènèl ki gen nan distrik lekòl toupatou atravè New York la yo, sa gen ladan sila ki kote ki pa gen plas matènèl kounye a yo. Anplis de sa, distrik ki pral garanti patisipasyon elèv ki gen andikap yo nan kad entegre ap resevwa preferans epi yo mande pwogram yo pou yo maksimize kolaborasyon avèk kominote a.

Apèl òf la (Request for Proposals) disponib [isit la](#) epi n ap aksepte aplikasyon yo jiska 18 Septanm 2019.

Chanselye Konsèy Administrasyon Eskolè (Board of Regents) Betty A. Rosa te deklare, "Edikasyon bonè bon pou tout timoun, pou tout fanmi, ak pou sosyete a annantye. Gras a egalite ak entegrasyon nan saldeklas matènèl yo, n ap travay sou atenn bi bay tout timoun New York yo zouti ak opòtinite pou reyisit akademik ak sosyo-emosyonèl pandan tout lavi yo".

Komisè Edikasyon Eta a (State Education), MaryEllen Elia te deklare, "Chak pwogram pou timoun, matènèl an patikilye, soutni rezilta elèv yo nan ane pi ta yo, nan bay timoun ki pi jèn nou yo yon trè bon depa. Pwogram sa yo ap fè diferans pou anpil timoun, epi sibvansyon sa yo ouvè pòt pou anpil lòt toujou. New York nan tèt epi li pran angajman garanti tout elèv yo jwenn enpòtans, respè, ak siksè gras a egalite nan saldeklas nou yo".

Senatè Shelley Mayer, ki se Prezidan Komite Pèmanan Sena a sou Edikasyon (Senate Standing Committee on Education) te deklare, "Mwen anchante bidjè nou adopte a te ofri anpil soutyen ki te nesesè pou pwogram matènèl yo pou timoun twazan ak katran, sitou nan distrik eskolè ki nan bezwen nou yo. Gen anpil prèv ki montre edikasyon jèn timoun se youn nan envestisman ki pi saj ak pi dirab nou kapab ak dwe fè. Edikasyon bon kalite pou jèn timoun ofri timoun yo eksperyans sosyo-emosyonèl yo bezwen ak merite yo pou pwospere nan lavi yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li pa janm sispann pran pou timou nou yo epi dèske li rekonèt enpòtans edikasyon fondamantal pou jèn timoun".

Gouvènè Cuomo te anonse inisyativ la pou premye fwa an Janvye nan kad pwopozisyon bidjè li a epi li te dekrete nan Bidjè Ane Fiskal 2020 an. Finansman pou distrik yo pral renouvle chak ane, depi pwogram yo respekte tout kondisyon pwogram nan ak adopte endikatè kalite k ap evalye anviwònman an, relasyon mityèl ant pèsonèl la ak elèv yo ak rezilta elèv yo. Depatman Edikasyon Eta a, ki pral administre sibvansyon an, gen entansyon anonse prim sibvansyon yo nan fen otòn sa a.

Aprantisaj bonè ka konble eka yo epi bay avantaj non sèlman nan etap bonè nan lavi timoun nan men tou lè li vin granmoun. Daprè Enstiti Nasyonal pou Rechèch sou Edikasyon Bonè (National Institute for Early Education Research), timoun yo ki patisipe nan bon jan kalite pwogram edikasyon bonè gen yon pi bon nòt nan tès mantal depi nan ane timoun piti yo rive jiska laj 21 ane, plis siksè akademik nan toulède matematik ak lekti e yo gen plis chans pou ale nan yon kolèj katran epi travay pou bon salè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)